



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER  
ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou piblikasyon imedyat: 11 novanm 2012

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI PASYÈI TINÈ HUGH L. CAREY POU BIS  
NAN LÈ DEPWENT**

*Restore Lyezon Enpòtan pou Kliyan Bis Eksprès*

*Reparasyon ap Kontinue Nan Rezo Tinèl Andomaje*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Tinè Gouv. Hugh L. Carey, ki te rele Tinèl Brooklyn-Battery, pral reouvri pou sèvis limite nan lè depwent lendi maten.

Bis eksprès Metropolitan Transportation Authority (MTA) kap soti Brooklyn ak Staten Island pral kapab itilize yon liy youn nan metwo pou sèvis antran soti 6 zè dimaten rive 10 zè dimaten., ak pou sèvis sòtan soti 3 zè delapremidi rive 7 è diswa. Tinèl la ap rete fèmen lòt lè yo pandan ekip ap kontinye travay reparasyon 24 sou 24 pou repare gwo domaj inondasyon.

“Mwen te wè pèsonèlman inondasyon Siklòn Sandy te koze nan Tinèl Carey a, epi reouvèti li se temwayaj gwo travay teknisyen MTA yo te reyalize apre pasaj siklòn lan,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Tinèl ki fèmen an se yon andikap pou vwayajè New York, reouvèti li make yon lòt etap nan travay nou pou restore enfrastrikti transpò vital lpi rapidman posib apre Siklòn Sandy.”

Tinèl Carey a te inonde pandan Siklòn Sandy a ak yon estimasyon 43 milyon gallon dlo nan chak de metwo. Dlo sale a te koze anpil domaj kwozyon nan sistèm elektrik, ekleraj, komunikasyon, siveyans ak vantilasyon nan chak tinèl.

Bis eksprès pral kabap itilize yon vwa nan metwo lès la, ki abityèlman asire trafik nan direksyon Manhattan. Lòt vwa metwo a ap sèvi pou reparasyon etaj ak ekipman rekonstriksyon. Ekleraj nan metwo a pral pasyèl epi pral ogmante ak ekleraj ijans.

Metwo Lwès la, ki abityèlman asire trafik direksyon Brooklyn, te sibi pi gwo dega epi yo toujou ap retire dlo nan kanal vantilasyon ki anba sifas asfalt wout la, Pa gen orè sisponib pou reouvèti metwo lwès la.

“Tinèl Hugh L. Carey se tinèl anba rivyè ki pi long nan Amerikdinò, epi pa gen youn ki janm gen gwo pwoblèm konsa,” te deklare Prezidan ak Direktè Egzekitif MTA Joseph J. Lhota. “Li te

plen soti atè rive nan plafon sou plis pase yon mil ak dlo ak debri. Lefèt li pare kounye a pou yon sèvis navèt pasyèl se yon prèv kalifikasyon ak devouman anplwaye Pon ak Tinèl MTA nou yo kap travay di .”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418